Citation : Fallou Ngom (PI), Elhadji Djibril Diagne, Cheikh Mouhamadou S. Diop, Daivi Rodima-Taylor, Margaret Rowley, and other contributors. 2021. "The First Battle of Badr." http://sites.bu.edu/nehajami/the-four-languages/wolof/wolof-manuscripts/xareb-badar-bu-njekk-ba/.

# Xareb Badar bu Njëkk ba

[Page 1]

Lii mooy Badar ga Khayru l-Khalqin njëkkewoon

Googa ʿUshayratoo ko jiitoo ay fan

Kurz ibn Jābir ñëwoon ba jot

Madiina yonnen génn Kurzuy daw di wéy

Mu dab ko dab ba àgg tundu Safwān

Gànnaaw ba Saaba la bu tuub ay caaxaan

Foofee yonnen ba dëppe moo tudd Badar

Gu njëkk googee lii ma àtte moo dëgër

Googee Badar Ḥaydara moo yor raaya wa

Yonnen gisul kenn mu dellook saaba ya

## Al-Badru l-Kubrā

Xareb Badar gu rëy gii nak mooy Furqaan

Keroog la Islaam tédde lii du caaxaan

Néewug jullit ya ak barig yéeféer ya

Téewul keroog Yàlla notal leen ceddo ya

Yàlla da leen ne: Wa laqad naṣarakum

Allāhu noon ya daaldi daw ngir ndimbalam

Bile xaree di magi xeex ya ko njëkkoon

Ak ya mujjoon ngir ca la diine teddewoon

Badar gu màgg gii ca la gox yi leere

Génnub yonnen ba gaawu ba moo ko seere

Fukki fan ak ñaar la ci weeri koor wa

Fukk ak juróom ñatt la it ca weer ya

Lansaar Badar gii lañu andeek sunu yonnen

Ñoom mësuñoo and ca xeex yu ko njëkkoon

Moo tax Badar gii tiis nde góoru Lansaar

Dañoo dëggal yonnen te muñ diy labraar

Saaba ya booba ñetti téeméer lañu woon

Yu teg fukk ak ñatt yu seen pay ya yemoon

[Page 2]

Saaba ya wuutewoon juróom ñatt lañu

Waaye du tee seen pay ya yem ngir ca lañu

Yétti gawar ya ca newoon Zubayru

Ak Marzhadook Miqdād ñile diy xurru

Gëléem ya woon ca yoon wa mooy juróom ñaar

Fukki gëléem yii saaba ñoo diy laxyaar

Yéeféer ya nak mat nañu leen seen ñatti kem

Mat nañu junni fas ya téeméer dib limam

Gëléem ya mooy téeméer yu mat juróom yaar

Téewul ñu daw dañoo dajeeki jambaar

Wa ʿaṭṭiri l-Lāhumma qabrahu l-Karīm

Bi alfi alfin min salāmayi l-Raḥīm

Wa ṣalliyan wa salliman wa bārika

ʿalayhi wājʿal miqwalī mubāraka

Xare Badar ba bis ba moo di aljuma

Fukk ak juróom ñaar la ca koor ga lëntu ma

Gànnaaw ba Yàlla nee yonnen ba Jāhidil

Kuffāra wa l-munāfiqīna toogatul

Laaya jile taxoon Rasūlu l-Lāhi

Xareek Abū Jahlin Badar bi l-Lāhi

Booba Abū Sufyāna jiite ci njëgg ma

Ñu jóge Shaam di delsi mook mbooloo ma

Fekkoon na waa Màkka yebal beneen xare

Yonnen ba it dog leen te andakub xareem

Jóge Madiina ñów ba Rawḥā doora yegg

Abū Jahlin mu yor beneen kuréel bu mag

Yonnen tànnloo na foofee saaba ya

Benn ca yaari bën-bëniy yéeféer ya

[Page 3]

Boobee la alquraan ni Inna l-Lāha

Wa ʿadakum yonnen ba moo am jāhā

Diisook yonnen ga tax Ṣiddīq ni ko wéyal

Yow say ndigël lanuy jëmmal

Ibnu l-Khaṭāb ne Yā Rasūlu l-Lāhi

Loo wax nu def dunu la wor bi l-Lāhi

Miqdād ne Yā Rasūlu l-Lāhi wéyal ci sa ndigël

Dunu faseek yow foofu digle nu dogal

Nun dunu wax la fi Banī Isrāʾīl

Waxoon yonnen Mūsā sa wax lanuy saxal

Ba leen fi Mūsā xareloo ñoo ko ne woon

Yaag Yàlla noo ngi leen di nég fii xeexi leen

Nun dun la naa yaak sa Boroom ba xeexi leen

Inshā Allāhu nun fu ngeen fi xeex nu xeexle leen

Fawa l-ladhī baʿathakum bi l-haqqi

Boo nu jañoon barka al-Ghimādi dun yoqi

Barka al-Ghimādi moo di péey ba ca Ḥabash

Miqdād ne yonnen boo yaboo nu ne ca xis

Nde kon danuy faafante ak noon ya ba dem

Ka moom Ḥabash yonnen ne baax na ngir gërëm

Foofee la woote ayyuhā l-Nāsu kañ naa

Saʿdu magam Lansaar ne nun la woo xanaa

Mu ne ajal Saʿdu ne yow lanu gëmoon

Jox la sunuy nos ommatal jëm foo nàmmoon

Xamal ne donte xuus nga géej gii kon nu xuus

Fi sa ginnaaw dunu worook yow ngir tiis

Ngir yow dëggal nan la shahid nā annamā

Jiʾta biḥi l-haqqa sa baax gi wóor na ma

[Page 4]

Wa ʿaṭṭri l-lahumma qabrahu l-Karīm

Bi alfi alfin min salāmayi raḥīm

Wa ṣalliyan wa salliman wa bārika

ʿalayhi wājʿal miqalī mubāraka

Mu bég ba ñaanal saaba yooyee ba ñu bég

Ne leen jegeñ leen nak Badar ñu daaldi jóg

Ba ñów Badar ceddo ya féetoo xaswa

Mu tàgge leen kuy nara tàggook fan wa

Foofee la yonnen mbaarlu toog mook Baabakar

Jullit ya ak yéeféer ya fenqooy safi gar

Yéeféer ya ʿUtbatoo ca daaldi genn mook

Shaybata ak Walīd di wut ku ñu ray ba toog

Ay fere daaldi génn Lansaar ñów Ḥuyaj

Ne waa Qurayshin lanu wut seen xas du deñ

ʿUbaydatook Ḥamzatu ak Aliyyu

Ñoo daaldi jóg ñoom ña di hāshimiyyu

Ḥamzatu ray Shaybata kay Ḥaydara moom

Walīd la ray ʿUbaydatoo ca jamu moom

ʿUbaydatook ʿUtbatu ñoo jamante ñoom

Ba ñu dajee ku nekk fàdd sa moroom

Aliyyu ak Ḥamzatu song ʿUtbatu

Ray ko bu gaaw te daaldi méeb ʿUbaydatu

Foofee la ñépp daaldi fenqoo xéej ya dal

Ak jaasi yaak fitt ya fay niroo ki wal

Ba ñu dajee yonnen ba jis yéeféer ya

Mat ñetti kem jullit ya tuddoo gor ya

Foofee la jullee ñaari ràkka daaldi ñaan

Ndimbal ca biir mbaar ma ba am fa la mu ñaan

[Page 5]

Ñaanam ga naa Allāhumma ndéem alak nga

Bileb kuréel kenn dootul xam ni màgg nga

Gëmentu jéenéer fa ba jis Jibriilu

Ca biir junniy malaaka yuy jembeelu

Boobe la yonnen yeewu ree ni Mbay bégal

Jibriil a ngii mookub xareem di nu dimbal

Pënd gi fa am ciw sakalaam mooku fasam

Wu tudd Ḥayzūm mang ko naa jiitul nu dem

Foofee la génn mbaar ma naa sayuhzamu l-jamʿu

te mooy def na ragat tay ñi gëmul

Malaaka yaa nga naan nu ñuy xareek bindéef

Ba ray ko laaya wàcc foofee ca bindéef

Laaya ja moo di: Fāḍribū fawqa ba jot

Kulla banānin xeex ba doora gaawa mat

Foofee la benn xaaj ba sànnee seeni doj

Yéeféer ya daaldi daw ba dem dacc seeni doj

Wa mā ramayta idhra maytaak laaya jii

Tax na ñiley daw ak ñeneen ñu dul ñii

Wa ʿaṭṭri l-Lahumma qabrahu l-Karīm

Bi alfi alfin min salāmayi al-Raḥīm

Wa ṣalliyan wa salliman wa bārika

ʿalayhi wājʿal miqalī mubāraka

Limub juróom ñaara njëkka dee ci ñoom keroog

Jàppéef na it kem lii ci ñoom ñuy safi juug

Ibn ʿAbbās moo ne malaaka xeexul

Ludul Badar ya ca des it dawéeful

Xeex ya ca des malaaka yaay ñów wàttu leen

Ba dëng-dëng dañ ci ñoom tiit sori leen

[Page 6]

Bisub Badar seen metéel yu weex la woon

Kaalay Ḥunaynin neef na ñax mu tooy la woon

Juróomi junni ciy malaaka ñoo dikkoon

Benna njëkkoon mujj di ñaar di ñett ca Kun

Ba ñu dikkee la waay di bocci jaaseem

Ab noon boppam rot te dalul lii moo mata yéem

Shuhaylu may doomi Ḥunayfin moo ko wax

Ma nettalil ko ko bul weddi lii ma wax

Ba ñu bëggee rañale néew ya nit ña ray

Ak yuy malaaka ya ñu laaj ka dée fi roy

Mu ne na ngeen seet néew bu ab doqam ñuul

Aki bëñam néewub malaakaay am lu ñuul

Yonnen ba ŋëb na suuf keroog am yawmā altaqā

al-jamʿāni sànni gaa ya daw ngirug ragal

Ñoom ñépp suuf sa laal na seeni xarkanam

Mu jàng shāhati l-wujūhu ñu gëlëm

Kañ naa ʿUkāshata Ibnu al-Muḥṣin dafa xeex

Keroog ba jaaseem dàmm cig màtt la xeex

Yonnen bi fab ab màtt jox ko ne ko tam

Muy ngën ji jaaseem ca la xeex diirub dundam

Jaasi ju weexug weñ la tur waay ʿAwnu

Moo boole guddak xala taar ba doy nu

Moom la xare ba Yàlla ubbil muslimiin

Moom la saxooloon ba shahīd ni shāhidīn

Mbooleem xareem ya ba mu teewee ca la xeex

Ba na mu daanu kii ngënéelamay lu weex

Keroog Maʿādh may doomi ʿAmru ñów na

Yanu loxoomba ñów ne yonnen dogg na

[Page 7]

ʿIkrimatoo ko jam ba nder su tuuti des

Yonnen ba tifli ca mu wér ne lu ñu fas

Maʿādh dundaat na moom ginnaaw yonnen ba jot

Xilaafatug ʿUsmān yiley xarbaaxa mat

Wa ʿaṭṭri l-lahumma qabrahu l-Karīm

Bi alfi alfin min salāmayi l-Raḥīm

Wa ṣalliyan wa salliman wa bārika

ʿalayhi wājʿal miqwalī mubāraka

Yonnen ne sànni leen ci teen bii naa Qalīb

Mbooleem ku dib yéeféer te dee na ñu ko ci sóob

Boobee la naa waa teen ba yeen seenub dahal

Bég ngeen ci man de fekk naa gën ji dahal

Mu dellu wax waa teen ba yeen seen anda bon

Yeen weddi ngeen ma nit ñi ñoom gëm saak yonnen

ʿUmar ne Yā Rasūl na ngay waxeek ñu dee

Mu ne ko lii ʿawnu l-ilāhi ṣamadi

Waande dañoo mënu la tontu kon ñu wax

Delloof na leen ruu ya Qatādatoo ko wax

Ngir toroxal leen ak sewal leen ree leen

Booleek mbugal leen pertloo leen te jay leen

Kay Ibn Marzūq moo ne kéemaani Badar

Way hajj ñi ñoo ko ne ku dox xuru Badar

Ba tay bu dégloo dégg baatub ṭalaba

Ñuy nirooy buuri jullit lii solo la

Lii tedd ngay Lislaam la fiy niroo ba tay

Kay Ibn Marzūq weddiwoon na lii ba xëy

Dox fa barab ba dégg baatub ṭalaba

Mu doora xam ne lañ waxoon kay dëgg la

[Page 8]

Yonnen ba waxtu wa mu noppee ca Badar

Mooy fan ya weeru koor wa jeexe moo dahar

Dajeek ca njëlbéenug Shawāl mooy kori wa

Yonnen yabal ko wax Madiina yoon wa

Zayd Ibn Ḥārithata waxsi mbég ya

Fekkoon na ʿUsmān suul ba noppi Ruqaya

Doomi yonnen ju baax ja ʿUsmān njëkka yor

Mu faatu yonnen may ko Kalthūm nak ku yor

At ya juróom ñaar la mu faatu yaari leer

Lew na ko moom ʿUsmān bileb atee ka leer

Yā Rabbanā ṣalli ʿalā Muḥammadi

Fi l- ʾāli wa ṣaḥbi l-kirāmi l-ʿubbadi

Wa salliman ʿalayhi yā ʿAliyyu

Wa aḥsin lanā ikhtitā minā Waliyyu

Ahmadu Kayre way na fii xare Badar

Di ñaan ndimbal ba way Uḥud dafay lu war

Ba mi ngi naa yā Rabbī zidnī ʿilmā

Mubārakan ladunka buur dimbal ma

Wa ʿaṭṭiri l-lahumma qabrahu l-Karīm

Bi alfi alfin min salāmayi l-Raḥīmi

Wa ṣalliyan wa salliman wa bārika

ʿalayhi wājʿal miqwalī mubāraka

Way nanu nak Badar ba noo ngi deeti way

Xareb Uḥud gànnaaw Badar yal nañ nu fay

Wallaahi sopp Khayru Khalqee tax ma way

Xareem ya tey wayaale jambaaram yu rëy

Ngir góor ya dëkkee xareel yonnen ba

Ñoom néppa diy gaynde yu mat fa xeex ba.